HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family

14 OKTÒB 2026 | VOLIM 10

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.

Alo, Dezyèm Trimès

Pandan n ap kòmanse dezyèm trimès la, n ap selebre travay di ak reyalizasyon Hornets nou yo jiska prezan.

Nou ankouraje elèv nou yo pou yo kontinye fikse objektif, aksepte defi, epi chèche ekselans nan tout sa y ap fè. Ann mete tèt ansanm pou n fè trimès sa a tounen yon peryòd ki chaje ak pwogrè akademik, lafwa, ak siksè!

Jou pou pran foto a se mèkredi 21 oktòb 2026!

Tout elèv dwe mete inifòm lekòl yo nèt.

Tanpri note ke y ap pran foto chak elèv, kit yo achte yon pakè foto kit yo pa achte.

36 JOU ANVAN 75yèm SELEBRASYON NOU AN!

Nou sèlman gen 36 jou anvan 75yèm Selebrasyon Lekòl Katolik Holy Family la!

Braslè yo ap vann kounye a nan biwo prensipal la.
Vin selebre ansanm avèk nou pandan n ap prepare pou onore 75 ane lafwa, ekselans, ak kominote.

Selebrasyon Lis Onnabv Premye Trimès

Nou kontan anonse n ap rekonèt elèv Hornets nou yo nan klas 3yèm rive 8yèm ane pou bèl reyalizasyon akademik yo pandan premye trimès la!

Paran, tanpri tcheke imèl nou vandredi 16 oktòb la pou yon envitasyon espesyal si pitit nou an fè Lis Onorab la.

Tout elèv ki nan klas 3yèm rive 8yèm ane ki fè Lis Onorab la pral resevwa onè pandan Lasanble Prim nou an vandredi 23 oktòb, tousuit apre Lamès.

Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo, yon fason pou elèv nou yo devlope tout potansyèl yo.

Kanpay Koleksyon Boutèy Bebe a ap Kontinye



Kanpay boutèy bebe nou an ap kontinye pandan n ap selebre Mwa Respè pou Lavi a epi n ap reflechi sou tèm Ansèyman Sosyal Katolik nou an: "Lavi ak Diyite Moun." Nou ankouraje tout fanmi yo kontinye ranpli boutèy bebe yo ak ti monnen pou ede manman, ti bebe, ak fanmi ki nan bezwen. Chak kontribisyon fè yon diferans!

Defi pou bay don chak jou k ap vini yo:



- **Jedi 15 oktòb:** Pote 50 santim apre w fin priye yon dizèn nan Wozè a pou fanmi yo.
- **Vandredi 16 oktòb:** Pote 1 dola pou ede fanmi ki ka bezwen yon koutmen.
- **Lendi 19 oktòb:** Pote 50 santim pou remèsye Bondye pou doktè, enfimyè, ak moun k ap bay swen ki pwoteje lavi.
- **Madi 20 oktòb:** Pote 1 dola pou montre sipò w pou manman, papa, ak timoun yo.
- **Mèkredi 21 oktòb:** Pote 50 santim kòm aksyon de gras pou benediksyon lakay ou.

Red Ribbon Mini Week Ap Pwoche

Prepare nou pou twa jou aprantisaj, travay ann ekip, ak lespri lekòl pandan Hornets yo ap selebre Red Ribbon Mini Week!

Mèkredi 28 oktòb



Mete mayo superhero ou pi renmen an ak jeans oswa pati anba inifòm ou.

Aktivite: Konkou Academic Brain Bowl



Jedi 29 oktòb



Ann Fê Ekip Kont Dwòg!

Mete mayo ekip espòtif oswa jersey ou pi renmen an ak jeans oswa pati anba inifòm ou.

Aktivite: Prezantasyon depatman lapolis lokal nou an ak Jounen Aktivite Fizik.



Vandredi 30 oktòb



Ann Mete Wouj pou N Fê Bon Chwa!

Mete wouj pou Lamès.

Aktivite: Angajman pou Bon Chwa.



Rappel Kòd Abiman: Jeans chire, leggings, Crocs, jip ki plis pase de pous anlè jenou, ak chemiz espageti pa pèmèt. Tout rad pou dress-out dwe rete apwopriye pou lekòl.

Dat Enpòtan



- **21 Oktòb:** Jounen Foto LifeTouch
- **23 Oktòb:** Lasanble Prim apre Lamès
- **24 Oktòb:** Vant Atik Dezyèm Men PTSO
- **28–30 Oktòb:** Selebrasyon Red Ribbon Mini Week
- **1 Novanm:** Fèt Tout Sen yo
- **2–6 Novanm:** Fwa Liv Scholastic
- **6 Novanm:** Lekòl ap fini bonè (1è aprèmidi)
- **21 Novanm:** Selebrasyon 75yèm Anivèsè

Biwo: (305) 947-6535 | Sit entènèt: https://www.holyfamilynorthmiami.org/ | Instagram: @HolyFamilyCS